

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda ngagunakeun modél *induktif kata bergambar* ka siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014, bisa dicindekkeun ieu di handap.

Pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*, kagolong goréng. Jumlah rata-rata pretés nyaéta 39,97. Dumasar kana golongan kandaga kecap dasar anu diajén, nyaéta kandaga kecap dasar ngaran-ngaran babagian awak jumlahna 54, kandaga kecap dasar pagawéan poko jumlahna 43, kandaga kecap dasar kaayaan poko jumlahna 56, kandaga kecap dasar ngaran barang-barang sacara *universal* jumlahna 20, sarta ngalarapkeun kandaga kecap dasar dina kalimah jumlahna 27. Tina 34 siswa, acan aya siswa anu ngahontal KKM. Upama diperséntasikeun hasilna nyaéta 0% siswa anu miboga pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda hadé, sarta 100% siswa masih miboga pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda goréng.

Pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*, kagolong hadé. Jumlah rata-rata postés nyaéta 84,06. Dumasar kana golongan kandaga kecap dasar anu diajén, nyaéta kandaga kecap dasar ngaran-ngaran babagian awak jumlahna 92, kandaga kecap dasar pagawéan poko jumlahna 80, kandaga kecap dasar kaayaan poko jumlahna 87,

kandaga kecap dasar ngaran barang-barang sacara *universal* jumlahna 80, sarta ngalarapkeun kandaga kecap dasar dina kalimah jumlahna 81. Tina 34 siswa, aya 31 siswa anu geus ngahontal KKM, sarta aya 3 siswa anu can ngahontal KKM. Upama diperséntasikeun hasilna nyaéta 91,18% siswa anu miboga pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda hadé, sarta 8,82% siswa anu masih miboga pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda goréng.

Aya béda anu signifikan antara rata-rata *pretes* jeung rata-rata *posttes* pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*. Rata-rata pretés anu hasilna 39,97% ngaronjat nalika postés jadi 84,06%. Hartina aya peningkatan 44,09%. Hasil uji hipotésis, yén  $t_{hitung} > t_{tabel}$  nyaéta  $25,63 > 2,45$ , anu hartina hipotésis alternatif ( $H_a$ ) diterima sarta hipotesis nol ( $H_0$ ) ditolak.

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung tau ajaran 2013-2104 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*. Rata-rata pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung tau ajaran 2013-2104 ngaronjat sabada digunakeun modél *induktif kata bergambar*.

## 5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda ngagunakeun modél *induktif kata bergambar* ka siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan diantarana ngawengku hal-hal ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, yén modél *induktif kata bergambar* bisa ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda. Kukituna ieu modél téh bisa jadi alternatif pikeun guru dina pangajaran kandaga kecap dasar basa Sunda, ogé pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna;
- 2) lantaran ieu panalungtikan kuasi ékspérimén dilakukeun di hiji sakola mangka kudu diayakeun panalungtikan ékspérimén murni di sakola séjén sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa digeneralisasikeun kana populasi anu leuwih jembar;
- 3) *implementasi* modél *induktif kata bergambar*, upama rék digunakeun, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nyaéta; leuwih taliti dina ngaidéntifikasi gambar, lamun teu kasampak aya gambarna bisa dicontokeun ku réngkak polah atawa dipetakeun ku guru, saperti dina kandaga kecap dasar pagawéan poko, leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*.